


POSEDE PÒTAY LÈNMI

AN APRE EPRÈV

 Mande m si . . . Nou konnen, mwen gen yon ti lide, tankou, pou wè moun kanpe lè n ap li Pawòl la. Èske nou pa renmen sa? Nou kanpe pou fè pwomès angajman, nou kanpe pou nasyon nou an, poukisa pou nou pa kanpe pou Pawòl la kounye a?

² Pandan n ap kanpe jis pou yon minit. Mwen t ap li yon atik, sa pa fè lontan, e mwen t ap panse yèswa a moun sa yo ki te pran pozisyon pou Kris. Si ou poko fè sa, ou pa ta vle fè l jodi a?

³ Te gen yon gran evanjelis, sa fè swasant kenz an anviwon, mwen jis pa ka sonje non li. Mwen panse se te Arthur McCoy, e li te konn travèse peyi a. E yon jou lanwit li te fè yon rèv kote li te ale nan Laglwa. E li di li te monte anwo a bò Pòtay la, e li di yo pa t vle kite l antre. E li di ke li te di: “Mwen se Arthur McCoy ki soti Etazini. Mwen se yon evanjelis.”

⁴ Kifè gadyen pòtay la te rantre, (bon sa se te yon rèv), e li te antre, li di: “Mwen pa ka jwenn non w ditou.”

Li di: “Ebyen, mwen te yon evanjelis.”

Li di: “Mesye, mwen . . .”

⁵ Li di: “Bon, eske gen yon chans ke . . . Gen yon bagay ki pa mache.”

⁶ Li di: “Non, mesye. Mwen gen Liv la la. Mwen pa ka jwenn non w ditou.”

E li di: “Bon, eske m ka fè kichoy pou sa?”

⁷ Li di: “Ou ta ka pote kòz ou a an apèl devan Jijman Twòn Blan an.” Bondye, ede nou. Mwen pa vle ale la a.

⁸ Li di: “Bon, si se sèl espwa mwen, mwen panse mwen pral jis pote kòz mwen an apèl alò.”

⁹ E konsa li di li te panse li te ale lwen nèt, e jis . . . E pandan li kòmanse, li di li te fè nwa, e sa te vin pi klere e pi klere ankò, e li di te sanble pa t gen yon kote egzak Limyè sa te kanpe, men li te dwat nan mitan L. E li di ke Li te di: “Kiyès ki pwoche bò Twòn Jijman M lan?”

¹⁰ Li di: “Mwen se Arthur McCoy. Mwen se yon evanjelis, mwen voye anpil nanm nan Wayòm la.”

Li di: “Èske yo pa jwenn non w nan Liv la?”

“Non.”

Li di: “Alò ou fè apèl a Tribinal Mwen an?”

“Wi, mesye.”

11 “Ou va jwenn jistis. Map jije w dapre lwa Mwen yo. Arthur McCoy, eske w te janm bay manti?”

12 Li di: “Mwen te panse mwen te yon bon jan moun jouk mwen te kanpe nan Limyè sa.” Li di: “Men nan Prezans Limyè sa, mwen te yon pechè.” Se sa nou tout pral ye. Ou ka santi w an sekirite kounye a, men tann jouk ou rive La a. Kijan w panse nou santi nou lè L ap wenn menm? Ou ka santi w pitit! Kisa sa va ye devan Jijman Twòn Blan an?

Li di: “Eske w te janm bay manti?”

13 Li di: “Mwen te panse mwen te konn di verite, men kèk ti bagay mwen te panse kite ti manti inosan, La a yo vin gwo epi sonb.”

Li di: “Wi, mesye, mwen te bay manti.”

Li di: “Eske w te janm volè?”

14 Li di: “Mwen te panse mwen te onèt sou sa, e pa t janm konn volè,” mwen di, “nan Prezans Limyè sila a, mwen—mwen te reyalize te gen kèk zafè mwen te konn fè, ki pa t fin dwat.”

Li di: “Wi, mesye, mwen te volè.”

Li di: “Jijman pa M . . .”

15 E li te jis on jan pare pou tande santans li: “Ale anndan dife ki pap janm fini an ki te prepare pou dyab la ak zanj li yo,” li di tout zo kò l t ap faya.

16 Li di: “Mwen te tande Vwa ki pi dous mwen pat janm te tande nan vi m.” Li di: “Lè m te vire gade, mwen te wè figi ki te pi dous mwen te janm wè; pi dous pase figi yon manman, vwa pi dous pase manman m te janm rele m.” Li di: “Mwen te gade toutotou. Mwen te tande yon Vwa, ki te di: ‘Papa, sa se vre, li te bay manti e li pat fin onèt. Men, anba sou latè a li te pran pozisyon pou Mwen,’ Li di: ‘kounye a Mwen pral kanpe nan plas li.’”

17 Se sa mwen vle ki pou rive La a. Mwen vle pran pozisyon pou Li kounye a, pou, lè moman sa rive, Li ka kanpe nan plas mwen.

18 An nou li a pati Jenèz 22, vèsè 15, 16, 17 e 18.

E zanj SEYÈ a te rele Abraham depi nan syèl la yon dezyèm fwa.

E li te di, SEYÈ a di: *Mwen te jire sou Pwòp tèt Mwen, poutèt ou te fè bagay sa, epi ou pat eskive pitit ou a, sèl pitit gason w la:*

Bon lè y ap beni, Mwen va beni li, . . . lè y ap mulipliye Mwen va mulipliye semans ou *tankou zetwal nan syèl la*, ak *tankou sab* ki sou bò plaj *lanmè*; e semans ou va posede pòtay *lènmi* li;

E se gras a semans ou ke *tout nasyon sou tè a* va beni, *paske ou te obeyi a vwa m.*

An nou priye.

19 Papa nou ki nan Syèl la, pran tèks la kounye a, Seyè, e preche pou nou. Ke Sentespri a pote Pawòl yo, Seyè, dwat bay tout kè. Sa ta pral kontre ak sa n ap atann yo apremidi sa, paske yo gran, Seyè. E Ou te di nou pou mande ak abondans, pou jwa nou ka plen. Nou mande li nan Non Jezi. Amèn.

Nou mèt chita.

20 Si mwen ta dwe rele sa yon tèks, pou kèk moman. Vwa m fèb, alò se pou rezon sa mwen dwe kanpe pre mikwo a. Mwen konnen gen yon eko, men nou sipòte l yon ti kras. Mwen vle rele l: *Posede Pòtay Lènmi An Apre Eprèv*.

21 Sèn nou an louvri nan youn nan sèn ki pi mèveye nan Abraham. Nou konnen ke Abraham se papa moun ki gen lafwa. E pwomès la te fèt a Abraham. E sèlman pou sa ki eritye avè l, atravè Kris, se sèl fason nou resevwa pwomès la, se atravè Abraham. Kounye a, Abraham te jis yon moun òdinè, men Bondye te rele li e li te fidèl a apèl la. Lè Bondye te pale avè l, Abraham pat janm menm yon fwa doute Vwa sa. Li te rete fidèl avè L. Kelkeswa sa difikilte a te ye, li te rete fidèl avè L.

22 E alò yo te pwomèt li yon pitit gason. E li te tann venn senk lane pou resevwa pitit gason sa, pandan ke li te rele tout sa ki te kontrè a sa tankou li pa t egziste. E alò, e nan pitit gason sila, tout fanmi sou latè te gen pou te beni. E patriach la te fidèl a apèl li a ak Pawòl ki te pwomèt la.

23 Li te yon egzanz pou sa nou ta dwe ye. Kounye a nou menm, ki mouri nan Kris, nou se Semans Abraham.

24 Kounye a, te gen de semans Abraham. Youn ladan yo te yon semans natirèl; lòt la te yon Semans espiritiyèl. Youn ladan yo te natirèl, pa la chè; lòt la te Semans lafwa li, lafwa a, pou nou menm tou te ka vin Semans Abraham pa Pawòl ki te pwomèt la.

25 E kounye a apre li te epwouve pandan venn senk lane men longè, e, olye l ap vin pi fèb, li te vin pi fò. Ou wè, si sa pa t rive premye ane a, dezyèm ane a sa ta pral yon pi gran mirak, paske li te pran de zan. E li te konte ane sa yo, pandan l t ap granmoun, e kò li te fin deperi. Zantray Sarah, zantray la, oswa li (te vin) te enfètil. E ki donk fòs li te ale, e te gen . . . Sa te totalman enposib.

26 Èske w janm reflechi sou sa Bondye te fè la a? Ou wè, Li jis pa t janm te fè zantray li kapab pote pitit. Paske, sonje, si L te fè sa, alò sonje si L te fè sa . . . yo pa t nan afè bibwon esterilize ijyenik epòk sa yo, pou bay ti bebe, lèt bèf. Ou wè? Li te oblije tou . . . Venn lèt li yo te fin seche. Donk Li—Li pa t ka gen . . . Yon bagay te dwe fèt.

27 Alò, men yon fanm, santan, pral gen tranche. Kè l pa tap ka sipòte l. Li di kounye a pou yon fanm, ki gen karant an, fè sa. Kè l pa t ap ka sipòte sa. Kidonk nou konn sa Li te fè? Si nou pòte atansyon . . .

28 Bon mwen konnen anpil ka pa dakò. Si sa korèk pou fè deklarasyon sila? Ou wè, mwen . . . Se t ap jis pwòp panse pa m.

29 Ou wè, Bib la se yon Liv sinatirèl. Li ekri yon jan pou l ret kache pou save yo, teyolojiyen yo. Konbyen ki konn sa? Jezi te di Bondye mèsi. Li di: “Mwen di W mèsi, Papa, deske Ou kache Sa devan saj ak pridan yo, e Ou revele L bay ti bebe sa yo ki vle aprann.” Se yon Liv lanmou. Lè lanmou Bondye vin nan kè a, alò ou tonbe damou ak Bondye, alò Li revele Tèt Li, sans Bib la. Entèpretasyon Bib la se Bondye Li Menm k ap entèprete pwomès Li. Men, Bib la, Li ekri ant lè liy.

30 Kounye a, tankou madanm mwen, o, li se fanm ki pi bèl mèvèy nan tout monn lan, e mwen vrèman renmen li. Li renmen m. Kidonk lè mwen lwen lakay, l ap ekri m yon lèt, li di: “Bill cheri, aswè a mwen fèk mete timoun yo dòmi. Mwen te fè lesiv jodi a,” e tout sa l te fè, e latriviye. Bon l ap di sa nan lèt la. Men, ou wè, mwen tèlman renmen l, e nou tèlman fè yon sèl, jouk mwen—mwen ka li ant lè liy. Mwen konnen sa l vle di, ou wè, ke l di m li ke l pa di m li, ou wè. Mwen—mwen konnen sa l vle di, paske se lanmou m pou li, ak konpreyansyon mwen.

31 Bon, se konsa Bib la ekri. Ou wè? Sa ki fè gwo etid la—la ap pase dwat sou li; yo pa p janm konprann li. Ou wè, ou dwe damou Pawòl la, Li menm, “pou konnen Li.” Ou wè?

32 Bon, kounye a la a, gade sa Li te fè. Bon Abraham ak Sarah tou de te fin granmoun, “byen fon,” Bib la di. Kounye a se pa jis paske moun yo te jis konn viv pi lontan nan epòk sa a. Bib la di sa: “Yo te antre byen fon nan laj.”

33 Kounye a remake, imedyatman apre Zanj sa te parèt, nou t ap pale de sa; ki te Elohim, Bondye. E Li di, Li te di Abraham: “Mwen pral vizite w dapre sik lavi a.” Kounye a voye je w gade anlè nèt ale, yo te yon tip Legliz la, nèt ale.

34 Kounye a gade. Men sa k te rive. Bon, Li pat jis rapyese Sarah, epi rapyese Abraham. Li te fè yo tounen jenn gason ak jenn fanm. Bon sa ka sanble l etranj, men kounye a gade rès Pawòl la, epi mete l ansanm. Pawòl la enspire, e fò w enspire ak Pawòl la. Kounye a, sonje, imedyatman apre sa, imedyatman apre aparisyon Zanj sa a . . .

35 Mwen jis ka wè sa, cheve gri Sarah sa a, yon ti grann ak yon chal sou zepòl li, ak yon ti mouchwa tèt, ki kenbe yon baton, ap pwonmennen. “Mwen, pou m t a nan plezi ak seyè m nan, epi li granmoun, tou?” Ou wè? E men Abraham te la, ak bab long sa, apiye sou baton, jan l te ye a, antre byen fon nan laj.

36 E mwen wè, nan demen maten, zèpòl li yo kòmanse ap drese, bòs la soti nan do l. Cheve l kòmanse repouse. Yo te tounen yon jenn gason ak jenn fanm. Li jis ap montre sa Li ta pral fè Semans Wayal Abraham lan, ou wè, lè nou “chanje nan yon moman, nan yon batman je, epi anlve ansanm.”

37 Gade sa k te pase. Bon kite m pwouve nou sa. Kounye a yo te fè yon vwayaj depi kote yo te ye a, la nan Gomò; e yo rale tout wout la ale jis nan Gerar, anba nan peyi Filisten yo. Nou te remake sa? Make l sou kat la, jan li lwen. Se pa ti wout pou yon koup granmoun nan laj sa.

38 Epitou, a pa de sa, nan—nan peyi Filisten yo la a, te gen yon jenn wa ki rele Abimelèk, e li t ap chache yon madanm. E li te gen tout bèl fi Filistin sa yo, men lè l te wè grann, li di: “Li bèl nan je m,” epi li te tonbe damou pou li e li te vle marye avè l. Se sa. En-en. Ou wè, li te bèl. Ou wè?

39 Li te retounen vin yon jenn fanm. Remake, li te oblije, pou pote timoun sa. Bondye te fè l yon nouvèl kreyati. E li te oblije, pou elve pitit sa. E sonje, Abraham, “kò l te kòm mouri,” e Sarah te mouri lè Abraham te. . . Izaak te gen karant senk an, mwen kwè, lè Sarah te mouri. E Abraham te marye ak yon lòt fanm e li te gen sèt pitit gason a pa de pitit fi yo, apre sa. Amèn.

40 Ou wè, li ant lè liy. Li se yon tip. Li montre la sa Li pral fè pou tout Pitit Abraham yo. Nou jis ap apwoche sa kounye kounye a, kidonk zèpòl koube nou yo ak tout bagay pa fè okenn diferans, zanmi. E cheve gri nou yo e nenpòt sa l ye a, pa gen enpòtans kounye a. Nou pap gade dèyè. Ann gade devan kote n ap dirije nou an.

41 E sonje, siy sa ke nou wè la, se te dènye siy ke Abraham ak Sarah l la te wè, anvan pitit gason ki te pwomèt la te vin egziste. Nou kwè nou lan moman sa.

42 Patryach la, apre pitit gason sa vin fèt. . . Eske w ka imajine w Izaak, apeprè douzan; bon ti pitit, ti gason cheve boukle, ti je mawon? Mwen ka imajine kijan manman sa te santi l; bèl jenn fanm, e alò, ak papa li. Epi yon jou, Bondye te di, kounye a, pou bay yon egzans; nou ekate nou anpil, lè a pral rive. “Mwen te fè w papa nasyon yo, atravè ti gason sa, men Mwen vle ou mennen ti gason sa sou tèt mòn sa Mwen pral montre w la, e Mwen vle ou touye l anwo la, pou yon sakrifis.” Èske w ka imajine sa?

43 Bon yo poko janm mande w pou pase yon tèz konsa. Li pa fè sa kounye a. Sa se te egzans, lonbraj.

44 Èske Abraham te pè? Non, mesye. Abraham te di konsa: “Mwen konvenki nèt ke Li kapab leve l soti vivan nan lanmò, paske mwen te resevwa l tankou youn ki vini pami mò yo. E si kòmandman Bondye sa te di m pou fè sa, e mwen te rete fidèl a li, e se te yon avantaj, paske mwen te resevwa pitit gason an; Bondye kapab leve li nan lanmò; kote mwen te resevwa li, tankou yon imaj.”

45 O la la, zanmi! Si Bondye bay nou menm Pannkotis Sentespri a, pale an lang, konbyen plis nou ta dwe kwè nan pwisans gerizon Li, epi bonte ak mizerikòd Li! Si Li te fè sa, kont tout teyolojiyen nan peyi a! Yo te di ke sa pa t ap ka fèt, men Bondye te fè l paske

Li te pwomèt li. Alò kanpe bò Zam pa w, Pawòl pa w, Epe pa w, kwè Pawòl Bondye a. Bondye te di sa, e se fin eksplike!

⁴⁶ Remake, kounye a, sa te pran l twa jounen vwayaj soti la a, ak milèt yo. Bon mwen ka mache, lè m t ap fè patwouy, mwen te konn mache trant mil chak jou, nan raje a; epi pye nou te gaz, an n di l konsa. Men mesye sa yo, sèl mwayen transpò yo, se te oswa monte sou bourik oswa—oswa mache. E li fè yon vwayaj twa jou depi kote l te ye a, e alò li te voye je l anlè, nan raje a, e li te wè montay la byen lwen.

⁴⁷ Li te pran Izaak e li te mare men l yo. Sa, ke nou tout konnen, nan Jenèz 22 la, se yon tip Kris. Li te mennen l anlè tèt mòn lan, mare, tankou yo te mennen Jezi sou tèt mòn lan, Mòn Kalvè; yon tip Bondye k ap bay Pitit Li, konsa.

⁴⁸ Men lè yo te rive anwo a la, e li te obeyisan, Izaak kòmanse vin on jan sispèk. Li te di: “Papa, bwa a la, lotèl la la, dife a la, men kote sakrifis la ye?”

⁴⁹ E Abraham, ki te konnen nan tèt li, menm si Pawòl Bondye a te ekspoze aklè, li di “Pitit gason m, Bondye kapab bay pwòp Tèt Li yon sakrifis.” Li te rele kote a: “Jeyova-Jire.”

⁵⁰ E lè l te mare pitit gason l, li te obeyisan jouk nan lanmò; li te lonje l sou lotèl la, li te rale kouto a sòti nan fouwo a, e li te sou pwen pran lavi pwòp pitit gason l. E, lè li te fè sa, yon Bagay te kenbe men l, epi Li di, “Abraham, wete men w.”

⁵¹ E nan moman sa, yon bouk t ap rele, dèyè do l, ak kòn li kwoke nan raje a.

⁵² Èske w te janm panse, ki kote bouk sa te soti? Sonje, peyi a chaje ak lyon ak lou ak chakal, e bèt sa yo konn devore mouton. E nan ki pwen li te byen lwen sivilizasyon? E, kidonk, anlè tèt mòn la, kote k pa gen dlo. E li te pran wòch, toutotou yo, pou fè lotèl la. Kote bouk sa te soti? Ou wè?

⁵³ Men se pa t yon vizyon. Li te sakrifye bouk la; te gen san. Kisa l te di? “Bondye kapab founi pou pwòp Tèt Li yon sakrifis.”

⁵⁴ Ki jan w ap fè pou soti nan chèz sa? Ki jan timoun enfim sa ap fè pou vin byen, oswa ou menm pou soti nan chèz sa, oubyen ou menm pou soti la, ou menm ak yon pwoblèm kè? Kèlkeswa pwoblèm lan, “Bondye kapab founi pou pwòp Tèt Li.”

⁵⁵ Abraham te kwè l. Patriach la te rete fidèl a pwomès la. E Li bay pwomès la, ke: “Semans Ou! Paske ou te kwè Pawòl Mwen, e malgre sikonstans lan, semans ou va posede pòtay lènmi li.”

⁵⁶ Poukisa? Chak lènmi ki prezante, tankou yon pèsonaj, kont Abraham, Abra- . . . Lènmi tankou: “Li twò granmoun. Mwen twò granmoun. Tout sa yo, ak tout lòt bagay.” Li toujou rete fidèl djanm ak pwomès sa.

⁵⁷ Bon, moun ki posede fwa sila a, ap toujou pran Pawòl Bondye a malgre sikonstans yo. Kounye a, si w pa ka fè sa, alò ou pa Semans Abraham. Sa se lafwa Abraham te genyen, Semans li.

58 Pwomès Abraham lan se te ke “Semans” li, kounye a Semans wayal li, tou, janm te di nou talè a. E so sa ke Li bay Abraham lan, se te so yon pwomès. E Semans wayal la, selon Efezyen 4:30, se “sele ak Sentespri a,” apre yo te pase tès la. Eseye panse a sa.

59 Anpil kwè yo gen Sentespri a. Anpil deklare yo gen Sentespri a. Anpil ka montre anpil sètitud ak siy pou li. Men, menm si sa, si li pa ka rete ak Pawòl sa, se pa Sentespri a. Ou wè?

60 Nou kwè chak Pawòl, alò nou sele apre tès la. Lè nou kwè tout pwomès nan Pawòl la, alò Lespri a sele nou, pou konfime pwomès la. Se sa ke, se sa Abraham, jan l te fè li a. Lè sa, e sèlman lè sa, nou gen dwa posede pòtay lènmi nou. Nou pap ka fè sa pazavan nou vin Semans sa dabò. Sonje, nan Bib la . . .

61 Mwen te pale sou sa, nan Houston ou byen kèk lòt kote la . . . oswa, mwen vle di Dallas. Sou zafè *Siy lan*.

62 Ou wè, yon—yon Jwif te ka montre, anba an Izrayèl, ke li te yon Jwif pa sikonsizyon. Men Bondye te di: “Lè Mwen wè san an! E san an dwe yon siy pou nou.”

63 Lavi a ki te nan san an pa t ka vin sou adoratè a, paske, bon, se te lavi zannimo, li te sèlman yon lonbraj ki t ap anonse Lavi reyèl la. Kifè, chimi san an, san an li menm, te gen pou l te tou wouj sou pòt la ak panno pòt la.

64 Li te aplike ak plant izòp, ki te jis yon move zèb, k ap montre nou ke nou pa bezwen gen yon fwa ki sipèb. Nou jis dwe genyen menm lan, fwa nou genyen an, tankou lè nou dwe stat machin nou, vin legliz. Ou wè? Anpil moun panse ke yo dwe vin kichòy . . . Men, non, non, se pa vre. Ou jis bezwen aplike San an ak yon fwa òdinè. Tande Pawòl la, epi kwè Pawòl la, aplike Li, se tou. Jis pran zèb nenpòt kote la an Palestin, te gen plant izòp, jis yon ti zèb ki te pouse kote mi yo krake, e toupatou, tranpe l nan san an epi mete l sou kad ak panno pòt yo.

65 E, sonje, mwen pa bezwen konnen konbyen yo te ye nan alyans lan, nan ki pwen Jwif la te ka montre li te sikonsi, kijan li te bon moun, tout alyans lan te anile sòf si siy la—la te la. “Lè Mwen wè san an,” sèlman.

66 Bon, kounye a San an, Siy lan, se pa chimi an, chimi San Kris la, paske Li te vèse sa fè plizyè milye lane pase.

67 Men, ou wè, kote li . . . te dwe gen chimi a la, lavi nan bèt la pa t ka vini sou imen, paske vi bèt la pa gen yon nanm. Bèt pa konn sa k byen ak sa k mal. Se imen an ki gen yon nanm.

68 Bon, men lè Jezi, Fis de Dye a, ki ne pa yon vyèj, te vèse San Li, Vi ki te nan San sa se te Bondye Li Menm. Bib la di: “Nou sove pa Vi a, San Bondye.” Pa san yon Jwif, pa san moun lòt Nasyon; men Vi Bondye. Bondye te kreye selil San sa, ki ne pa yon vyèj. Li pat janm nan gason, ni li pa pa . . . ni tou ze a pa t vin de li.

69 Mwen konnen anpil nan nou moun yo vle kwè ke ze a te vin de li. Ze a pata ka la san yon sansasyon, kisa Bondye t ap sipoze fè lè sa? Èske w wè?

70 Li te kreye tou de ze a ak selil San an, e se te tabènak Bondye a, ki sen. “Mwen pa p soufri pou Sen Mwen An wè koripsyon.” Ou wè kote ze a sòti? “Ni Mwen pa p kite nanm Li nan lanfè.” Kò li te sen! O la la! Nou pa, nou pa ka kwè sa, kijan nou fè rele tèt nou yon Kreyen?

71 “Nou sove ak San Bondye.” Se la fwa m ye. Nou pap mache la ak san yon pwofèt, nou pap mache la ak san yon moun òdinè, oswa yon anseyan, oswa yon teyolojyen. N ap mache la ak San Bondye. Bondye te di sa. Li vin yon imen. Li te chanje ran Li. Li tabli tant Li isi a, avèk nou, e li te vin youn nan nou. Li se Paran Redanptè nou. Li te oblije vin paran pou nou, paske sa se te lalwa. Bondye te vin yon nonm e Li te rete pami nou.

72 Remake kijan ke, lè L ap fè sa, Sa ki soti nan Li a, se te Bondye, Lespri a, e Lespri sa vini sou kwayan an. Se poutèt sa, Vi ki te nan Sakrifis nou an, nou idantifye ak menm Vi sa.

73 Alò kijan yo fè wè Vi Bondye k ap aji nan mitan moun yo, epi rele L yon bagay ki enpi, alòske Sa se idantifikasyon nou ak Sakrifis nou an? “Sila a ki kwè nan Mwen, zèv Mwen fè yo li va fè yo tou.” Vi Li k ap retounen sou sakri- . . . soti nan Sakrifis la, pandan nou poze men nou sou Li pou ap idantifye tèt nou tankou nou mouri de pwòp panse nou. Alò kijan nou fè kite denominasyon pou nou nan kredo ak lòt bagay, epi di ke nou kwè Li? Nou mouri pou bagay sa yo.

74 Pòl di: “Pa gen okenn nan bagay sa yo ki deranje m,” paske li te makonnen ak yon absoli, Kris. E tout vrè akonplisman makonnen ak yon absoli, e absoli pa mwen se Pawòl la. E tout lòt moun se, sa se—sa se vrèman ne selon Lespri, absoli yo se Pawòl Bondye. Mwen makonnen avèk Li. Mwen poze men m yo sou Li. E Li te pran plas mwen, e mwen te idantifye tèt mwen avèk Li. Nou te konnen ke Li te pwomèt pou Li idantifye Tèt Li avèk nou. Sa bay fwa otantik; pa pwòp fwa pa nou, men fwa Li; yon bagay ke nou pa kontwole. Li fè li. Kounye a remake. Alò, e alò sèlman, ke . . . pwomès la te fèt pou ou.

75 Kèlkeswa kantite legliz ou te mache, kantite fwa ou te batize; tèt anwo, tèt anba, nenpòt jan w vle. Toutotan So sa pa etanpe sou ou, alò ou pa gen okenn dwa pou w rele tèt ou yon moun ki konekte ak Sakrifis ou a.

76 E kisa ki So Bondye a? Efezyen 4:30, di: “Pa fè Sentespri Bondye a lapenn, paske Lespri a se mak letanp Bondye sou nou, li ban nou garanti Bondye ap fin delivre nou lè jou a rive.” Pa de yon revèy a yon lòt, men sele Etènèlman jouk Jou yo va rachte nou.

77 E, sonje, si nou pa t janm nan panse Bondye, nou pap janm avèk Bondye. Konbyen moun ki konnen ke Li te yon Redanmtè? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a] Ebyen, alò, nenpòt sa ki

rachte dwe tounen kote l te sot tonbe a. Kidonk si Li vini pou rachte nou, kijan nou ka fè, te gen yon tan kote nou pa t oblije rachte nou, epi nou tout te “fèt nan peche, fòm nan inikite, vini nan monn lan ap bay manti”? Sa montre ke vrè Kretyen an se yon atribi panse Bondye, anvan ke te gen yon monn, oswa yon zetwal, oswa lè a, oswa nenpòt lòt bagay. Li Étènèl, e Li vini pou rachte nou. Li se panse Bondye, ki pwononse an pawòl, ki te vin manifeste e re- . . . te retounen al jwenn panse Li.

⁷⁸ Paran Redanmtè! Se pou rezon sa Bondye Li menm te gen pou vin youn nan nou, pou rachte. Anyen lòt pa t ka fè l. Yon Zanj pa t ka fè sa, okenn lòt. Li te oblije desann, pou yo tante L tankou nou, pou rachte nou.

⁷⁹ Remake kounye a semans natirèl Abraham lan. Ann tcheke kèk nan semans natirèl sa yo, e gade si Bondye te kenbe Pawòl Li devan semans natirèl la, ki te Izarak. Ann tcheke kèk nan semans natirèl ki te kwè tout pwomès Bondye a e ki pa t gen kesyon. Kounye a sonje, te gen plizyè dizèn de milye e de milye de fwa miltipliye pa plizyè milye ki te sikonsi ak tout lòt bagay, e malgre sa yo pa t Semans Abraham lan. Se sèten, “Sa ki Jwif ak fasad pa Jwif; se sa ki Jwif anndan.” Yo, anpil nan yo, echwe, echwe anmè kou fyèl.

⁸⁰ Gade, nan dezè a, yo te di: “Nou . . .” Jou Pak la, oswa lè yo t ap bwè nan fontèn lan, Sen Jan 6. Yo tout t ap rejwi.

⁸¹ Jezi te di: “Mwen se Wòch sa a ki te nan dezè a. Mwen se Pen an ki soti kote Bondye, nan Syèl la, si yon moun manje ladan l li pap mouri.”

⁸² Yo di: “Papa nou te manje laman nan dezè a, pandan karantan.”

Li di: “E yo tout mouri.”

⁸³ *Mouri*, pran mo sa e chache li, gade sa li vle di: “separe Etènèlman.” Poutan, yo te semans Abraham. *Lanmò* vle di “separasyon, aneyantisman, detwi konplètman, aneyantisman.” Jezi di yo te mouri, yo tout, poutan yo te Jwif sikonsi.

⁸⁴ Ou wè, podyab moun sa yo, jis paske nou Metodis, Batis, Presbiteryen, gen yon ti konfesyon, ak bagay konsa; dyab la kwè jis menm jan nou kwè a.

⁸⁵ Men ou dwe idantifye avèk Li. Bondye gen pou L rann temwayaj sou Sa, avèk so Sentespri a. Pa dwe gen dout sou Pawòl la!

⁸⁶ Si ou di: “Bon, kounye a, sa se te pou yon lòt tan,” gen yon bagay ki fo.

⁸⁷ E sa sa ta ye si yon moun vini tou cho tou bouke, e ou ta di l limyè a t ap klere, epi li kouri anba nan sousòl la, pou di: “Mwen jis refize sa. Mwen jis refize sa. Limyè pa gen bagay konsa. Mwen pa kwè sa”? T ap gen yon bagay ki pa mache ak moun sa. Li t ap

yon deranje mantal. Si li refize reyon cho l la ak resous li ki bay lavi a, t ap gen yon bagay ki pa mache avèk li, mantalman.

⁸⁸ E lè yon moun wè Pawòl Bondye a, manifeste klè devan l, epi idantifye, e apre fèmen kòl epi rale desann rido denominasyon li yo, gen yon bagay ki pa mache ak moun sa, espiritiyèlman. Gen yon bagay ki pa mache avèk li. Gen yon bagay ki pa va espiritiyèlman. Li jis pa ka resevwa Sa. “Avèg, e yo pa konn sa,” yo prale nan Jijman, e Bondye va Jij la.

⁸⁹ Remake lè yo—yo te fè sa, e semans sa yo kounye a ki te kwè Li, gade sa ki te pase. Ann tcheke kèk ladan yo kounye a, semans Abraham.

⁹⁰ Ann pran ti mesye Ebre yo, paske yo te rete fidèl e yo pa t sitire zafè adorasyon imaj la. Yo te refize koube devan yon imaj ke wa nasyon an te fè. Sa te fèt tou dapre yon nonm sen, se te pòtre Danyèl.

⁹¹ Sa montre ke ras moun lòt Nasyon yo te antre sou move bò a, ap adore imaj yon nonm sen. Li ale nan menm sans lan, lè yo pral fòse moun pou adore imaj moun. Sa vini pa revelasyon, ke Danyèl kapab entèprete Pawòl la, ki te ekri ak men sou miray la. Se konsa sa te kòmanse, e se konsa sa ap fini, menm jan an, koze imaj moun lòt Nasyon yo.

⁹² Remake, yo te refize fè sa. E kisa yo te fè? Yo te semans Abraham ki rete fidèl ak Pawòl la, e yo te posede pòtay lènmi an, pòtay dife a. Yo te fè sa. Ebyen, Pawòl Bondye se verite.

⁹³ Danyèl, te teste poutèt li te adore yon sèl vrè Bondye. Li te teste pou sa. E nan moman eprèl la, li te pase tès la. E kisa Bondye te fè, apre ke sa te sanble se te tou pa l, jan nou ta ka di? E yo pa t konn kisa pou yo fè. Yo ta pral voye l pou lyon manje l. Men Danyèl te rete fidèl nan eprèl la, ke gen yon sèl vrè Bondye, e li te posede pòtay lènmi li. Bondye te fèmen bouch lyon an.

⁹⁴ Moyiz te rete fidèl a Pawòl ki te pwomèt la, anvan fo imitatè yo, Janbrès ak Janès, nan eprèl la. Gade, Bondye te rankontre li, ak sinatirèl, te di l pou fè bagay sa yo, montre siy sa yo, e chak siy t ap gen yon vwa. Moyiz te desann drèt la, jis fidèl jan li te konnen. Li te jete baton an, ki te tounen yon sèpan. Nou konn sa ki te rive? Men imitatè yo ki te vini e yo te fè menm bagay la.

⁹⁵ Bon, Moyiz pa t leve men l, pou di: “Bon, mwen sipoze tout sa yo pa vre.” Li te rete la e li te tann Bondye. Li te rete fidèl. Kèlkeswa kantite imitatè ki te genyen, li te rete fidèl. E lè li te rete fidèl ak komisyon li, pou fè pèp sa soti nan kote sa, lè pòtay dlo a te rive sou wout li, Bondye kite l posede li, e li te louvri pòtay la ak Kolòn Dife ki t ap gide li a. Li te mennen pèp la nan tè pwomès la.

⁹⁶ Jozye, yon lòt gran lidè. Sèlman de soti nan . . . te ale nan tè pwomès la, Jozye ak Kalèb. Yo te rive yon kote ki rele Kadèch, ki te sant lemonn nan epòk sa, nan pwèn kote ke se la jijman te

chita. E, o, yo te voye douz espyon pou al gade tè a, e tou lèdouz te tounen.

97 Dis ladan yo te di: “O, se twòp travay sa. Nou jis pa p ka fè l. Ebyen, pèp sa, nou sanble krikèt bò kote yo.”

98 Men kisa Jozye te fè? Li te kalme pèp la. Li di: “Tann yon minit. Nou plis ke kapab pou nou pran li, kèlkeswa jan nou piti, oswa jan nou pa anpil.” Kisa li t ap fè? Li t ap rete fidèl a pwomès la, “Mwen ba ou tè sa,” men n ap goumen pou chak pous nan li.

99 Eske nou kwè sa, manman yo? Bondye ba w gerizon w, men ou pral goumen pou chak pous nan li. “Tout kote pla pye w poze se la Mwen ba ou kòm posesyon.” *Mak pye* vle di “posesyon.” Tout pou ou, tout pwomès yo se pou ou, men ou pral goumen pou chak pous pou rantrè ladan l kounye a.

100 Kounye a, Jozye te konnen kisa Bondye te di. Li te yon semans Abraham. Ou wè? Li te di: “Mwen kwè sa, ke Bondye ban nou tè a, e nou plis ke kapab pou nou pran li.” E paske li te reyisi tè la, kont tout gwoup Izrayelit yo, tout tribi yo ak tout moun ki t ap jemi e pran rele. Jozye te di: “Rete trankil! Bondye te fè pwomès la.”

101 Kelkeswa grandè w, e sa opozisyon an ye, e sa doktè a te di, Bondye bay pwomès la. Se Bondye ki pou fè li.

102 Kisa li te fè? Lè li desann nan rivyè Jouden an, li te posede pòtay la. Se sa li—li te fè.

103 Jeriko, te fèmen tankou yon tòti nan yon koki. Kisa li te fè? Li te posede pòtay la.

104 Menm yon jou lè lènmi li t ap eseye pran li, li te si tèlman posede pòtay lènmi li ke li te kòmande solèy la pou rete trankil. E solèy la te obeyi li, e li pat janm vire pandan vennkatrè.

105 Bondye fidèl a pwomès Li, kèlkeswa sa L dwe fè a; Li ta prefere met Syèl Li an defisi anvan pou L ta kite Pawòl Li sibi defèt. Li pa janm te fè yon pwomès ke Li pa ka kenbe. “Mwen se Seyè a ki geri tout maladi w yo. Si yo poze men sou malad yo, yo va geri.” Amèn. “Si nou ka kwè, tout bagay posib.”

106 Jozye te kwè sa, menm si Bondye te gen pou l fè tè a sispann tounen. Li te kanpe l la pa kèk lòt Pwisans, Pwòp pwisans Li; ke lemonn pa t janm tounen pandan vennkatrè, jouk Jozye te vanje tè li kont lènmi li. Li te pran pòtay yo. Sètènman, li te fè l. Bondye toujou fidèl.

107 Bon mwen te swete nou t ap gen tan pou nou pran plis ewo, men mwen gen apeprè di minit kounye a. Gade, tout ewo presye sa yo, jan yo te ye a, epi yo te gran konbatan fwa, yo tout te mouri nan pòtay lanmò. Yo tout te peri, dwat nan pòtay lanmò.

108 Lè sa Semans Wayal Abraham lan te vini. Yo tout te semans natirèl la, depi Izaak. Men men Semans Wayal Abraham lan ki vini, ki te Kris, Semans fwa Abraham lan; sa nou ta sipoze ye a,

jis gade si se sa nou ye ou si se pa sa. Semans natirèl la te sèlman yon tip. Tout lòt yo te fèt apati yon nesans natirèl, men Li vini apati yon nesans vyèj. Ou wè, se pat apati semans Abraham lan, ki vle di, yon Jwif. Li vini pa semans fwa nan pwomès la. E, alò, nou ta sipoze pitit Li, atravè Nonm sa.

¹⁰⁹ Gade sa Li te fè. Lè Li te sou latè, Li te konkeri ak posede tout pòtay lènmi an te genyen; Semans Wayal la. Li te pwomèt sa ak Pawòl la. Li te konkeri l. Li te konkeri pòtay maladi, pou nou. Se sa Li te vin fè. Moun malad yo, sonje, Li menm Li te konkeri pòtay sa. Ou pa gen pou konkeri l; Li te konkeri l. Lòt moun yo te gen pou konkeri pwòp pòtay yo. Men ou pa gen pou konkeri; sa te deja fèt. Li konkeri pòtay maladi yo. E kisa li te fè lè Li te konkeri pòtay maladi yo? T ap di ke Li ta. . . Kèlkeswa sa ou mande sou latè, e kelkeswa sa ou te mare sou latè, Li t ap mare l nan Syèl, Li ba nou kle yo pou pòtay la.

¹¹⁰ Li te konkeri pòtay tantasyon, ak Pawòl la. E kle yo se te: “Reziste lènmi a, e l ap kouri pou ou.” Li te konkeri yo tout; Li te konkeri tout maladi.

¹¹¹ Li te konkeri lanmò, e Li te konkeri lanfè. Li te konkeri lanmò ak lanfè. Li te konkeri sa lòt yo pa t ka konkeri, paske yo te vin de semans natirèl la. Sa se Semans espiritiyèl la. Li te konkeri pòtay tonm kavo, e Li te resisite sou twazyèm jou a, pou jistifikasyon nou.

¹¹² “E kounye a nou plis ke venkè.” Nou jis ap avanse nan sa, tankou yon eritaj, “Plis ke venkè.” Kounye a n ap koresponn ak yon lènmi yo te bat. Yo bat maladi. Yo bat lanmò. Yo bat lanfè. Yo bat tout bagay. O la la! Mwen swete mwen te ka de fwa wotè m, kounye a petèt mwen t ap santi m de fwa pi byen. N ap diskite ak yon lènmi ke yo konkeri.

¹¹³ Pa etonan Pòl te ka di, lè yo t ap konstwi yon blòk, pou koupe tèt li, li te di: “O lanmò, kote zegwi ou? Montre m kibò ou ka fè m fè grimas epi rele. Tonm, kote viktwa w, e ou panse ou pral mete m la? Mwen pral lonje dwèt montre w youn ki vid lòt bò a; e mwen nan Li, Li pral resisite mwen nan dènye jou a.” Yon lènmi yo te bat!

¹¹⁴ Semans Wayal Abraham la! Kounye a, semans natirèl la pa t ka pwente Sa. Men Semans Wayal la ka konkeri, Li te deja konkeri, paske Li te ale anvan nou e Li te konkeri chak pòtay pou nou. Li la kounye a, apre de mil an, Li kanpe nan mitan nou, pwisan Konkeran an. Li pa t sèlman konkeri maladi. . . Li te konkeri maladi. Li te konkeri tantasyon. Li te konkeri chak lènmi. Li te konkeri lanmò. Li te konkeri lanfè. Li te konkeri tonm, e Li te resisite ankò. E apre de mil an, men Li kanpe nan mitan nou, apre midi sa, L ap idantifye Tèt Li, pwisan Konkeran an! Amèn. Li toujou la, vivan, L ap konfime pwomès Li, Semans Wayal Abraham! O la la! E lènmi a va. . .

115 “Li pral konkeri pòtay lènmi li.” Pou sila yo, Semans lan, Li kanpe la vivan pou konfime Tèt Li pou kiyès? Semans predestine sa yo ki ka wè li. Li te konkeri sa. Kiyès, apre eprèv pa l, dapre pwomès Pawòl la, yo te sele ak Sentespri a, nan Kò Kris la, pou sa yo ki te konfime ke (kisa?) Ebre 13:8 se sa. Yo te sele la ak Sentespri a, Sentespri sa ki te manifeste ak . . . Abraham te wè sa davans; ak lafwa li te kwè li. E kounye a nou resevwa Li, ap konsidere pwomès sa Li te di. E Jan 14:12 te vin konfime nan dènye jou yo, pa Konkeran resisite a, Li menm.

116 Se pa yon sistèm; men yon Moun, Kris, Konkeran an. Pa legliz mwen, pa legliz Batis mwen, oswa Presbiteyen w lan, Metodis, oswa Pannkotis yo, pa ak bagay sa; men ak Jezikri. Li vivan jodi a. Li elve anlè sa, pou jistifikasyon nou.

117 E paske Li vivan, Li di nou vivan tou. “Moun pa viv ak pen sèlman, men ak tout Pawòl,” pa yon pati nan Pawòl la, “tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye.” “Mwen se Rezireksyon e Lavi. Sila ki kwè nan Mwen, menm lè li te mouri, men li va viv. Nenpòt moun ki viv e kwè nan Mwen pap janm mouri. Eske w kwè sa?” Pran pòtay tout lènmi!

118 Kijan Bosworth te fè konkeri, lè Bondye . . . Bosworth te nan Konkeran an. E se pou rezon sa li te di: “Pi bèl lè nan vi mwen se kounye a.” En-en. Li te konnen Konkeran Pwisan sa. Asirans li te repoze nan Li. O la la! Kounye a nou ka chante:

Vivan, Li te renmen mwen; nan lanmò, Li te sove mwen;
Antere, Li te pote peche mwen byen lwen;
Leve vivan, Li te jistifye gratis pou toujou;
Yon jou L ap vini, O jou glorie!

119 Pou sa yo ki sanble yo sibi defèt. Eddy Perronet, mwen kwè se te li, li pa t ka vann chante Kreyen li yo. Pèsonn pa t vle yo. Yo pa t vle konn anyen de li. O, li te sibi defèt, e li te yon kwayan! Yon jou, Sentespri a vin sou li. Pòtay lènmi li, ki pa t vle resevwa literati li! Lespri a frape li, e li te pran yon plim, Bondye kite l ekri chante inogirasyon an.

Aklame pwisans Non Jezi a!
Kite Zanj yo pwostène byen ba;
Pote dyadèm wayal la vini,
E kouwone Li Seyè tout bagay.

120 Fanny Crosby avèg la, yon fwa. Yo te di: “Kisa l vle di pou ou?” Kèk . . . Li pa t vann dwa denès li yo tankou Pannkotis Elvis Presley te fè a, oswa tankou manm legliz Kris la Boone te fè a, oswa tankou Red Foley te fè a, ap vann talan yo bay lemonn; yo te gen yon flòt Kadilak, ak milyon dola, disk lò. Men Fanny Crosby te rete fidèl a pozisyon li. Li te kriye:

Pa kite mwen, O bon Sovè,
 Koute kriye mwen;
 Kon Ou okipe lèzòt yo,
 Pa pase lwen mwen.
 Ou se Sous ki konsole mwen,
 Plis pase lavi,
 Mwen renmen Ou pase tout moun,
 Sou tè e nan Syèl.

121 Yo di: “E si ou avèg lè ou rive nan Syèl?”

Li di: “M a konnen Li, tout jan.”

Yo di: “Kijan ou pral fè konnen Li?”

Li di: “M a konnen Li.”

Yo di: “Madam Crosby, ou te ka fè yon milyon dola.”

Li di: “Mwen pa vle milyon dola a.”

122 “Kijan ou pral fè konnen Li?” Li di:

M a va wè Li, m a konnen Li,
 Lè m a kanpe bò kote Jezikri;
 M a va wè Li, m a konnen Li.

123 “Si mwen pa ka wè Li, mwen pral santi mak klou yo ki nan men Li.” Li te konkeri pòtay lènmi li. Wi.

124 Si ou nan Kris! Li di: “Si ou rete nan Mwen, e Pawòl Mwen yo rete nan ou; mande ki kle ou vle, mande ki pòtay ou vle pran; mande sa w vle, e yo va ba ou li. Si ou rete nan Mwen, e Pawòl Mwen rete nan ou, ou ka pran pòtay nenpòt lènmi ki vin devan w.” Ou se Semans wayal Abraham lan.

125 Ki kalite pòtay ki kanpe devan w? Si se maladi, ou plis ke yon konkeran pou li. Alò nou ka di, chante ansyen chante gras sa:

Tout pwomès ki nan Liv la se pa m,
 Tout chapit, tout vèsè se . . . e tèmnan Diven,
 M ap kwè nan lanmou Diven Li,
 Paske tout pwomès nan Liv la se pa m.

126 Nou plis ke yon konkeran, e Semans Abraham lan va posede pòtay lènmi a! Lè yo di Bagay sa yo pa ka rive, lè yo vle rele Li yon dyab, oswa Bèlzebil, oswa yon lòt bagay, Bondye asire pou Li konkeri tout pòtay e pran lènmi a.

An nou lapriyè.

127 Seyè, ke Semans Abraham lan . . . Mwen konnen yo pral wè Li, Seyè. Kijan Pawòl sa ka tonbe san L pa frape Tè reyèl sa? Mwen priye ke yo va konprann kounye a. Ke tout moun ki vini nan liy priyè a geri.

128 Seyè, si ta gen kèk anndan isit la deja, ki pa ta ko fè konfesyon yo, ki pat kanpe an piblik e ki pat pran pozisyon pou Kris, prè pou renonse a tout kredo ak bagay frèt, fòmèl, mouri ki te kenbe yo lwen de Ou. E ke yo kanpe kounye a, e di: “Mwen

pral asepte Li tankou Sovè mwen.” Alò Ou va pran pozisyon pou yo nan Jou sa.

129 Pandan nou gen tèt nou koube, si genyen sa ki ta vle kanpe jis yon moman, pou lapriyè, di: “Mwen vle pran pozisyon pou Li kounye a, pou Li ka pran pozisyon pou mwen Jou sa, nan Prezans Diven Li.” Mwen mande w, e mwen ba w opòtinite pou non w ta plase nan Liv Lavi a, si ou vle kanpe. Mwen pa p mande w pou w mache nan okenn legliz. M ap mande w pou vini a Kris, si ou la epi ou pa konnen Li.

130 Bondye beni w, gason m. Eske gen yon lòt, di: “Mwen—mwen vle kanpe kounye a.” Bondye beni w, madanm. Bondye beni w, sè mwen. “Mwen vle . . .” Bondye beni w. Bondye beni w. “Mwen pran pozisyon m, apre midi sa.” Bon moun de byen sa yo, gason ak fanm, ap kanpe, “Mwen pral pran pozisyon m, apre midi sa.”

131 E jou sa lè doktè a di: “Ebyen, echèk la; san li ap koule, lanmò ap plannen sou mesye a, oswa sou madanm lan.” Ou byen, yon maten, ou va sonje pozisyon w. Ou kanpe pou Li kounye a.

132 “Si ou wont Mwen devan lèzòm, Mwen va wont ou devan Papa M ak Zanj sen yo. Men si ou konfese M devan lèzòm, se li menm Mwen va konfese devan Papa M ak Zanj sen yo.”

133 Bondye beni w, sè mwen. Eske gen kèk sou balkon an kèk kote? Kounye a menm, pandan n ap tann. Kèk nan yo, plis sou etaj prensipal la? Dakò. Mwen pran w sou pawòl ou, zanmi.

134 Si Pawòl la tonbe sou Tè fètil, tankou ti madanm lan nan pwi a, li—li te konprann. Li te reprezante nan Syèl, depi fond- . . . anvan fondasyon monn lan. Lè Limyè sa te frape Li, li te rekonèt Li.

135 Bondye beni w, frè mwen. Sa se yon vanyan . . . Bondye beni w, frè mwen. Petèt ou te reyalize gwo bagay nan vi ou; ou sou pwen fè pi gwo bagay ou pat janm te fè, kounye a, kanpe pou Kris.

136 Papa nou ki nan Syèl la, semans lan te tonbe nan kèk tè, apre midi sa. Nou wè Lavi k ap jème. Gason ak fanm kanpe sou pye yo, e je Bondye ki wè tout bagay, Sila ki omniprezan, omnisan, omnipotan, wè yo. Yo pou Ou, Papa. Mwen prezante yo ba Ou kounye a, tankou twofe.

137 Ke eksperyans moun sa yo ki kanpe la kounye a, kòm yo konnen sa yo fè a, kòm yo konnen sa sa vle di, ke yo kanpe pou pran pozisyon yo ak ti kantite sa yo ki meprize pou Seyè a. Ke yo toujou rete fidèl jouk Jou sa yo va kanpe nan Prezans Ou, alò bèl Vwa sa va di: “Wi, yon jou nan Baton Wouj, ou byen yon ti kote yo rele Denham Springs, li te pran pozisyon pou Mwen, Papa, kounye a Mwen pran pozisyon pou mesye sa, oswa pou madanm sa.” Fè sa, Seyè. Yo pou Ou, nan Non Jezi. Amèn.

Bondye beni nou, pou pozisyon nou. Bondye toujou . . .

138 Kounye a fè grenn bagay sa pou mwen. Jwenn, si w nan lantouraj kote pastè sa yo ye, wè kèk, pale avèk yo. Si ou pot ko janm te batize, nan batèm Kreyen, fè sa. Mete tèt ou nan mitan kwayan yo kounye a, vrè kwayan, pa swa dizan kwayan; vrè kwayan.

Pandan n ap priye, an n priye pou mouchwa sa yo.

139 Papa nou ki nan Syèl la, mouchwa sa yo soti kounye a; ki kote, mwen pa konnen. Petèt kèk papa granmoun avèg chita deyò a isit la nan yon ti marekaj kèk kote, ap tann mouchwa sa vini; yon ti bebe lonje la sou yon kabann lopital; yon manman kanpe, fou, ap tann mouchwa a retounen. Papa nou ki nan Syèl la, mwen priye pou ke Ou ale avèk yo. E pou yon siy Prezans Ou jodia, e fwa nou nan Ou alò ke nou te preche Pawòl Ou, ke fwa ki te nan Abraham lan, e fwa ke Jezikri te pwodwi epi te ba nou an, ke li ale ak mouchwa sa yo e geri tout moun yo va mete l sou li. Nou voye yo, nan Non Jezi. Amèn.

140 Kounye a jis yon moman, anvan nou rele liy priyè a. Bondye ki omnipotan e pwisan an, Sila ki gran an, Sila ki sifi pou tèt Li a . . . Souple, zanmi yo, mwen—mwen pral kòmanse priye pou malad yo, e mwen . . . Petèt, lè nou desann, mwen—mwen ka pa jwenn anyen pou m di nou; kèk nan nou ka ale anvan tan sa. Kèlkeswa sa w ye, si ou pa t menm kanpe, toutalè a, e ou pa sèten . . .

141 Si w se yon manm yon legliz, se yon bon bagay, men sa pa bon ase. Ou wè, jènòm rich la te yon manm legliz la. Ou wè? Li te mande Jezi kisa li te ka fè pou l genyen Lavi Etenèl. Li pa t janm asepte Li. Li te mache ale. Ala yon bagay moun fou jèn gason sa te fè. Pa pran plas li. Nou sonje dènye fwa li te idantifye a? Yon ti kras pita, li te pwospere. Li te vin pi rich. Li te rive yon kote jouk depo l yo te plen ap soti. Men apre sa nou jwenn dènye idantifikasyon li, nan lanfè, nan touman flanm dife yo. Pa, pa kite sa rive nou. Asepte Kris.

142 Nou menm jèn moun yo, nou menm jèn fi, jèn gason yo, ki jis ap kòmanse ak lavi, fè sa souple. Tande mwen, tankou—tankou frè nou, youn ki renmen nou. Mwen la paske mwen renmen nou. Mwen renmen Bondye, e mwen renmen nou, e mwen pa ka renmen Bondye si mwen pa renmen nou.

143 Mwen ta pito anpil, si nou te gen yon konpliman pou pase, pase l bay pitit gason m lan deyò a, oswa youn nan timoun mwen yo. Kite m jis . . . Mwen, mwen prale san sa. Nenpòt paran va fè sa; Bondye tou va fè sa. Ou wè? Renmen pèp Li. Renmen youn lòt.

144 Ou di: “Poukisa ou rele dèyè yo?” Lanmou otantik konn korije.

145 Si pitit ou chita deyò nan lari a; ou di: “Ebyen, men Jinyò chita la a. Li pa dwe fè sa, men mwen pa vle blese ti santiman l yo.” Ou pa renmen l. Yo va tiye l la. Si w renmen l, w ap mennen li anndan epi ba li yon tap. W ap fè l obeyi.

146 Se konsa Bondye fè. Lanmou korije, e sa se lanmou otantik.

147 Lè yon predikatè kanpe e kite nou menm fanm koupe cheve nou, e mete penti ak lòt bagay, e pa korije nou, pa gen lanmou otantik la; e li pap denonse l. E li kite mesye yo marye twa oswa kat fwa, ak tout lòt bagay sa yo, epi sa pa ba l okenn pwoblèm, pa gen lanmou otantik la. Kite w antre nan yon legliz, e yo ba w ti tap sou do, e toufe w ak kèk kredo, kifè, “Se tout sa w gen pou fè, se antre nan legliz sen an,” pa gen lanmou la. Ou byen, se swa, moun lan si tèlman pèdi, li menm, li pa wè.

148 Lanmou otantik korije, e li mennen w tounen nan Pawòl Bondye a.

149 Gade Jezi, kijan, kisa Li te di, paske Li te renmen yo, si tèlman ke Li te mouri nan plas yo, pandan yo te menm ap mande San Li.

150 Kounye a ke Gran Sentespri a. . . Mwen vle tann jis yon minit. M ap tann jouk onksyon Sentespri a vin sou mwen, anvan nou kòmanse. Mwen t ap preche. Mèsi, pou kolaborasyon nou.

151 Kounye a, chak moun isi a, kèlkeswa kote nou ye, nenpòt kote nan bilding lan, priye jis pou yon minit, di: “Seyè Jezi, ede mwen! Ede mwen! Kite m touche rad Ou.” Jezi te di, ou konnen, lè fanm lan te touche rad Li, Li pa t santi li, fizikman, men Li te vire tounen e Li te konnen kiyès li te ye e kisa li te fè. Li se menm Jezi a apre midi sa, yon Gran Prèt ke santiman enfimite nou yo kapab touche.

152 Eske nou kwè, nou chak kounye a, ke se vre, ke Bondye ki te fè pwomès sa, yon fwa ankò (e ke Li montre li) ke n ap viv nan jou Sodòm yo? Konbyen ki kwè sa, nan bilding lan, jis leve men nou.

153 N ap viv, jan l te ye, nan Sodòm. Sistèm lan nèt vin polye, sistèm monn lan, tout bagay, sistèm legliz, sistèm politik. Pa gen anyen. Politik tèlman kowonpi. Sistèm yo, tout kote, diktatè nou yo, tout se koripsyon. Legliz la vin menm jan an. Fanmi yo vin menm jan an. Se jis koripsyon, Sodòm!

154 Alò, sonje, Bondye te gen sa anvan w, alò sonje Li te di ke Li ta pral reprezante Tèt Li nan moun imen an chè, e Li te pral fè tankou Li te fè anvan Sodòm, anvan Pitit Gason ki te pwomèt la te vini sou sèn lan. Li te pwomèt pou Li voye youn ki te pral anonse Pitit Gason ki te pwomèt la, jan Li te fè premye fwa a, ki te pral prezante; e Li te di: “Lè Fis de lòm lan ap vin revele.”

155 Mwen pa konnen w. Ebyen, Madam Thompson, maladi fi sa ak komplikasyon yo, ou kwè ke Bondye pral fè w refè? Eske w ka kwè sa? Ou pral fè l? Madam, Madam Thomas, ou kwè Li pral fè w refè? Leve men w yo anlè, alò.

156 Gen yon dam ki chita dwat dèyè w. L ap priye. Li gen atrit.

157 Youn ki chita dwat bò kote li, se yon maladi lestomak, ap priye tou. Ou pral rate li, ou pap gade. Ou pa moun isit. Ou soti

Mississippi. Nou se Mesye ak Madam Stringer. Si nou kwè ak tout kè nou, Jezikri pral fè nou byen. Si nou ka kwè sa. Nou kwè sa? Alò nou ka resevwa l. Oke. Leve men nou anlè konsa pou moun yo wè se nou.

¹⁵⁸ Mwen pa konn moun sa yo. Mwen pa t janm wè yo, nan vi m. Nou dwe kwè, zanmi. L ap idantifye Tèt Li. Eske nou kwè sa, ak tout kè nou? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a]

¹⁵⁹ Poukisa w te sekwe tèt ou, mesye, e gade m konsa? Wi, mesye. Paske w te fè sa, mwen pral pale avèk ou yon minit. Ou se yon sòt de jantiyòm aje ki chita isi a menm, ap gade mwen. Li te gade mwen, ak tèlman senserite. Li te kwè sa. W ap priye pou yon moun ki te fè yon konjesyon serebral. Men—men prensipal bagay w ap priye pou li a, ou bezwen, w ap chache batèm Sentespri a. Se sa. En-en. Se sa. Si ou kwè sa! Dam la, w ap chache travay. Apa sa, pou w ka konnen ke mwen se pwofèt Bondye, oswa sèvitè, ou te gen de operasyon. Li kite w on ti jan fèb. Tout kalite kondisyon, pwoblèm espirityèl. Mwen vle di w tout bagay regle. Fwa w fè w refè.

¹⁶⁰ [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] . . . chita dwat bò kote w la la. L ap priye. Gade isi a. Li te tandè w, e ou te touche Li. Mwen pa konnen w, men Li konnen w. Mwen pral di w pou kisa ou t ap priye. Ou kwè ak tout kè w? Ou te gen yon maladi nan blad bil ou, w ap priye. Eske w kwè ke Bondye pral geri ou e fè w refè? Ou se Madam Smith. Se sa. Leve men w.

¹⁶¹ Ou wè, L ap idantifye Tèt Li. Kisa l ye? Li se Semans Abraham lan, fwa ke Abraham te genyen an, Seyè Jezikri a nan mitan nou, ap konfime Pawòl Li, ak siy yo k ap swiv.

¹⁶² Kiyès, konbyen kat nou gen pou n priye pou yo, leve men nou, nou gen kat nou? O, pito nou kòmanse liy priye a.

¹⁶³ Nou wè, nou konprann pa vre? Kounye a lespri sa pa sèlman . . . Sa pa geri. Sa sèlman idantifye Li ki isit la. Pastè nou yo gen jis menm otorite pou yo priye pou malad yo. Yo pa fè sa; non, sètènman non. Men yo—men yo jis gen menm otorite a: “Siy sa yo va swiv kwayan yo.”

¹⁶⁴ Kounye a mwen vle zanmi pastè m yo la. (Èske se korèk, si nou rele sa yo ki nan odyans lan . . . ? . . .)

¹⁶⁵ Konbyen pastè la ki kwè ak tout kè yo, minis ki isi yo, kwè? O, mès. M ap mande si nou vle kanpe? Vini la, kanpe avè mwen jis yon minit, isi a la a menm, priye pou malad yo. Vin isi a la a menm. Kounye a gade gerizon an k ap akonpli, gade sa k pral pase.

¹⁶⁶ Mwen vle nou vini, fòme yon—yon de liy isi a menm. M ap desann la a jis yon moman, pou m priye pou malad yo. Mwen vle pastè ki kwè yo ki vle idantifye tèt yo tankou kwayan, ke nou kwè, ke n ap vini la, n ap viv yon vi sen, pwòp. Sonje, gade la sa k ap soti, sa k ap reprezante Levanjil Kris la!

167 Frè Blair, mwen konnen w la, ou menm oswa Frè Pat. Èske w vle fòme de liy sa jan nou abitye fè l la, si nou vle, ou menm ak Frè Pat.

168 Pastè kwayan yo ki pral kwè yo! Kounye a, gade, si Bondye ka idantifye Tèt Li nan pwen sa ak Pawòl Li, ak Pawòl Li, konbyen ki konnen ke Bib la, Jezi te di sa: “Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè. Si yo poze men sou malad yo, yo va geri?” Pastè yo, nou te vini la pou idantifye tèt nou tankou kwayan. Se vre? Nou se kwayan (se pa sa nou ye?), nou pa t ap kanpe la. Kounye a kisa Jezi te di? “Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè.” Mwen se yon kwayan avèk nou.

169 M ap desann. Sa se moun nou yo, e nou se bèje sou twoupo sa. M ap desann pou m voye nas mwen avèk nou kounye a, mete men m yo ak pa nou. E lè moun sa yo pase la, si nou te gen nenpòt kisa ki jis yon ti dout nan tèt nou, retire l tou swit; pou lè moun sa yo pase, lè sa chak nan yo ap pase, e nou poze men sou yo, y ap geri. Èske nou pral kwè ak tout kè nou, tout moun? [Minis yo di: “Amèn.”—Editè a]

170 Konbyen isit la ki pral priye pou lòt yo pandan y ap pase, leve men nou anlè, “Mwen pral priye.”

171 Sonje, li te ka papa w, manman w, pitit fi w oswa pitit gason w, sè oswa frè w. E si li pa pou ou, li pou yon moun, sila k ap vin pase nan liy sa. E si se te yo menm, e yo t ap mouri ak kansè, oswa kèk maladi efreyan, nou pa ta vle mesye yo sensè tout bon? Sètènman, nou t ap vle l.

172 Kounye a, mwen kwè, kijan nou pral . . . Kounye a sila yo nan ranje *sa* la, ale sa, kanpe sou bò *sa*, ak kat priye a. Kanpe sou bò *sa*, tout sa ki nan seksyon a dwat la. Kounye a, fason an, kenbe seksyon a gòch la; nou tout kwense, ou wè, e nou pa konn kouman, kisa n ap fè. Oke, tout sa ki nan seksyon *sa*, kanpe *la*. Kounye a, tout sa ki nan seksyon sou men dwat la, jis vin nan direksyon sa, paske nou pral desann, pou n vire toutotou.

173 E kijan ou prale, kijan y ap soti, Frè Borders? Soti tou dwat nan pòt sou kote a, fè tou bilding lan menm e tounen anndan li ankò.

174 Kidonk, lè yo pral rele bò *sa*, nan kèk minit, e yo pral kanpe. E ann gade kounye a kisa . . . Oke, sila yo nan seksyon *sa*, vire sou bò sa isit la. Kenbe kat priye nou yo, ale sou bò sa. E nou ki nan balkon an, mache desann menm pou n jwenn yo nan fen ranje a la. Kounye a sila ki nan seksyon sou men gòch sa, ale sou bò ki nan men gòch la. E lè sa, ou wè, nou fòme yon liy e nou retounen nan direksyon *sa*; retounen; tounen nan direksyon *sa*. Ou wè? E nou pral swiv liy la jouk la, lè sa nou pap gen okenn konfizyon ditou.

175 Epi nou menm anwo a nan balkon an, jis fè plas nou tou dwat nan ale sa yo, e jis antre dwat ladan yo pandan y ap pase.

¹⁷⁶ Kounye a, kounye a jis kòmanse mache al dèyè, chak moun, mache dwat dèyè jouk nou kontre liy sa dwat isit *la*. Jis vin tou dwat *la*, anlè *la*, jis kòmanse mache dwat sou bò isit *la* e vini nan liy sa dwat *isi* a.

¹⁷⁷ O, kisa ki ka rive kounye a! Kisa ki ka rive! Sa pral yon tan kote yon bagay dwe rive. Oke.

¹⁷⁸ Kounye a, se sa, tounen dwat nan direksyon *sa*, epi antre dwat nan liy *la*, konsa. Vire fè tou ale *sa*. Se fason *sa* kounye a.

¹⁷⁹ E kounye a antan nou kanpe a, tout moun sou pye yo, nou pral ofri yon priyè. E kongregasyon sa pral priye avèk mwen, pouke nou ka geri. Jis gen lafwa kounye a. E pa . . .

¹⁸⁰ Avanse tou dwat toutotou, sila ki jouk dèyè nèt *la*, vini bò *la* tou dwat epi antre nan liy sa dèyè a *la*. Avanse tou dwat, fè tou a. Avanse tou dwat nan direksyon *sa*, epi fè yon sèl liy *la*. Se *sa*.

¹⁸¹ Tout moun ap priye. Se pou nou vrèman nan lafwa kounye a. Jis pa okipe fowl *la* kounye a. Sonje, nou—nou anvlope ak Prezans Jezikri, sa depann de nou pou onore sa Li te fè pami nou, ak fwa nou gen nan Pawòl Li.

¹⁸² Se byen. Kounye a sa pral jis ale byen. Mwen kwè ke liy lan jis byen fòme.

¹⁸³ Kounye a pandan yo tout kanpe, mwen vle pou tout moun kounye a, nan bilding lan, koube tèt nou.

¹⁸⁴ Seyè Jezi, sa pral rive byento. Desizyon an dwe pran kounye a. Èske nou kwè Ou *la*? Èske nou renmen Ou? Èske nou gen fwa, Seyè, ki sifi pou sa nou pral mande a? Moun sa yo ap idantifye tèt yo paske yo kanpe nan liy *la*. Seyè, ke se pa pou granmesi. Fè ke se sa, Seyè, ke yo pase *la*, chak grenn pral jis pase tankou yo t ap pase devan Kris, paske nou konnen Li *la*. E nou priye pou ke yo resevwa gerizon yo. Mwen sèten ke menm nan semèn ak semèn k ap vini yo, moun sa yo pral jwenn pastè yo, fanm ki te gen maladi fanm, pwoblèm lestomak, gason ak pwostat, tout kalite pwoblèm, pral vin byen, y ap di: “Ou konnen, bagay *la* jis kite m,” paske yo nan Prezans Ou. Ke yo avanse kounye a e—e trase liy pou sa Ou te mouri pou li a. Yo se Semans Abraham lan, e Ou te konkeri pou yo. Ke yo vini e resevwa sa Ou te ba yo.

¹⁸⁵ E, Satan, yo te tèlman demaske w semèn *sa*, jouk nou konnen ou se yon èt yo te bat. Jezikri te bat ou sou Kalvè. Li leve vivan nan twazyèm jou a, pou jistifikasyon nou, e Li kanpe nan mitan nou kounye a. E fwa nou fikse sou Li, e lwen de ou oswa de nenpòt sa w te fè. Kite moun sa yo, nan Non Jezikri.

¹⁸⁶ [Frè Branham ak minis yo enpoze men sou malad yo e ap priye pou chak grenn nan liy priyè a. Pati vid sou kasèt *la*—Editè a]. . . ? . . .


¹⁸⁷ Nou te fè jis sa Mèt *la* te òdone nou pou n fè a. Konbyen nan nou ki te pase nan liy *sa*, ki te kwè ke nou te pral vin byen, leve men nou anlè. Mwen mete pa m ak pa nou.

¹⁸⁸ Sa nou t ap fè la, alafen, tankou yon gwoup minis la; anpil nan yo te malad, mwen te konnen sa, men yo t ap eseye mete jéfò yo devan pou fè kongregasyon yo antre anndan, ke yo antre ou pa. Sa se bèje otantik. E Sentespri a te di m: “Fè yo mete men yo youn ak lòt.” Nou te mare kè nou ak filè nou ansanm, ak lapriyè, ansanm.

¹⁸⁹ Jezi, fè yo byen, tou. E fè yo vin bèje ki djanm, djanm nan Pawòl Seyè a.

¹⁹⁰ Ke Bondye, frè m yo, ke Li ba nou tout dezi ki nan kè nou. Ke nou sèvi Li chak jou, e ke nou gen pwisans Bondye nan lavi nou, pou preche a pakèt moun de byen sila yo. Ke Jezikri, Ki te avèk nou, e ki avèk nou tout tan, ke Li fè Tèt Li pi enpòtan pou nou ke Li pat janm fè l anvan.

¹⁹¹ Nou menm moun yo, kèk nan nou ki te enfim, nou ka pa wè okenn diferans pandan yon tan, nou ka pa wè okenn diferans. Gade sa Abraham te fè. Sa pat fè okenn diferans sa; se pa sa w ap gade a. Pa gade sentom nou yo. Gade sou sa Li di. Si ou di: “Mwen toujou santi doulè a,” sa pa gen anyen pou l wè nan sa. Ou fè sa Bondye te di pou w fè. Ou wè, pa gade sou sa. Gade sou sa Li di. Bondye di se konsa li te ye! Mwen kwè li. Ou pa kwè li? [Kongregasyon di: “Amèn.”—Editè a] Avèk tout kè m, mwen kwè li.

¹⁹² Ke Seyè Bondye a beni nou jouk mwen wè nou ankò. Priyè m pou nou; lannwit pa janm vin twò nwa, la pli pa janm tonbe twò fò. Mwen va priye pou nou. Priye pou mwen. Jouk nou kontre ankò, Bondye beni nou. Kounye a frè pastè an chaj la, ou wè. 

POSEDE PÒTAY LÈNMI AN APRÈ ÈPRÈV CRE64-0322
(Possessing The Gate Of The Enemy After Trial)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on dimanch apremidi 22 mas 1964, nan Denham Springs High School ki Denham Springs, Louisiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org